

**PANGARUH MODEL PROBLEM BASED LEARNING DIBANTU KU
MÈDIA INTERAKTIF GENIALLY KANA MOTIVASI DIAJAR IPAS MURID
SAKOLA DASAR**

Ku

NASYWA AZ-ZAHRA

225060015

ABSTRAK

Panalungtikan ieu dilatarbelakangi ku rendahna motivasi diajar murid dina pangajaran IPAS di sakola dasar. Tujuanana nyaéta pikeun ngajelaskeun prosés pangajaran ngagunakeun modél Problem Based Learning (PBL) dibantu média Genially, ningal bédana sareng modél Direct Instruction, sarta ngukur pangaruhna kana motivasi diajar IPAS murid kelas IV. Métode anu digunakeun nyaéta kuantitatif eksperimén semu (quasi-experimental). Data dikumpulkeun ngaliwatan observasi sareng angket (pretest jeung posttest). Hasil analisis data nunjukkeun yén prosés pangajaran di kelas éksperimén lumangsung éféktif pisan. Hal ieu dibuktikeun tina uji independent sample t-test anu ngahasilkeun signifikansi $0,000 < 0,05$, anu hartosna aya béda motivasi anu nyata antara kelas éksperimén jeung kelas kontrol. Hasil uji effect size ogé nunjukkeun nilai Cohen's d sagedé 0,948 (katégori ageung). Panggunaan modél PBL sareng média Genially kabukti tiasa mantuan murid ngartos masalah, nyerep konsép abstrak, sareng ngaronjatkeun genep indikator motivasi diajar. Ku kituna, tiasa diringkeskeun yén gabungan modél PBL sareng média Genially gaduh pangaruh anu ageung sareng éféktif pikeun ngaronjatkeun motivasi diajar IPAS murid di sakola dasar.

Kecap Pamageuh: Modél Problem Based Learning, Média Genially, Motivasi Diajar, Mata Pangajaran IPAS.